



Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO EFÒ POU OGMANTE VAKSEN COVID-19  
YO AK PREPARE POU DÒZ SIPLEMANTÈ YO**

**125 tikè gratis pou Festival Mizik Gouvènè Ball la pou moun ki jwenn premye dòz  
vaksen yo nan yon [sit tanporè #VaxtoSchool](#)**

**Yo dwe otorize EMT yo pou administre vaksen COVID-19 la, re-ajoute plis pase  
2,000 vaksinatè nan pwogram vaksinasyon Eta a.**

**Pèmèt 50,000 EMT debaz resevwa fòmasyon pou ede ogmante to vaksinasyon  
New York la**

**Eta a kontinye kontakte Depatman Sante Lokal yo ki ka ede idantifye sit  
vaksinasyon yo epi ankouraje patisipasyon nan pwogram dòz siplemantè a**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo efò pou ogmante vaksen COVID-19 yo epi prepare pou dòz siplemantè dapre apwobasyon FDA. Pou kontinye sipòte vaksinasyon Nouyòkè ki gen laj pou ale lekòl yo, gen san vennsenk tikè gratis ki disponib pou pwochen Festival Mizik Gouvènè Ball la pou moun ki resevwa premye dòz vaksen yo nan yon [sit tanporè #VaxtoSchool](#) atravè nouvo pwogram ankourajman sa a.

Gouvènè an te òdone Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a pou otorize teknisyen debaz medikal (emergency medical technicians, EMTs) ijans yo pou administre vaksen COVID-19 la. Sa ajoute imedyatman plis pase 2,000 vaksinatè ki resevwa fòmasyon konplè nan pwogram Eta a. Yon lòt 50,000 EMT debaz pral kapab resevwa fòmasyon ki nesèsè nan mezi pou ede administre vaksen COVID-19 la ak dòz siplemantè a.

"Plis pase kat sou senk adilt Nouyòkè deja resevwa omwen yon dòz nan vaksen COVID-19 la, e pandan ke nou ap depase anpil lòt eta yo avèk to vaksinasyon elve nou an, reyalite a rete ke moun ki toujou pa ko vaksinen yo gen plis chans pou yo fè fas ak sentòm grav epi alafen entène lopital", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Vaksen an fonksyone, men se sèlman si nou pran li, e se pou sa nou ap itilize ankourajman kreyatif pou moun ki toujou bezwen jwenn dòz yo epi mete an plas ofans ki nesèsè pou repouse viris la yon lòt fwa ankò."

Fòmasyon ki nesèsè pou EMT yo ka konplete sou entènèt oswa an pèsòn. EMT ki gen lisans yo ap vin yon vaksinatè ke Eta apwouve lè yo demontre konpetans sou entènèt oswa an pèsòn.

DOH ap kontinye travay avèk depatman sante lokal yo ki konnen kominote yo pi byen. Depatman sante lokal yo te planifye pou kanpay vaksinasyon an mas epi yo ka sèvi yon wòl enpòtan nan konble espas sa a nan kapasite lokal la, espesyalman pandan moman demann pik la. Jiskaprezan, depatman sante lokal yo deja aktive plis pase 200 nan yo pou pwogram vaksinasyon COVID-19 la. DOH angaje depatman sante lokal yo pou kontakte pratik medikal, klinik, ak lòt founisè yo nan konte yo pou ankouraje patisipasyon nan pwogram dòz siplemantè a.

Dènyèman, Gouvènè a [te anonse](#) lansman kanpay #VaxtoSchool (vaksen pou lekòl) nan tout eta a ki gen plizyè aspè pou sipòte ogmantasyon vaksinasyon COVID-19 pami Nouyòkè ki gen laj pou lekòl yo, ki demontre angajman administrasyon li pou rann sante ak byennèt elèv, pwofesè ak fanmi yo yon priyorite prensipal. Nan kad efò sa a, Gouvènè a te anonse nouvo sit vaksinasyon tanporè COVID-19 #VaxtoSchool yo pral ouvri nan zòn kote done kòd postal yo montre to vaksinasyon pou moun 12-17 ane yo pi ba rapò ak to mwayèn nan tout eta a. Yon pwofesyonèl medikal kominotè ap disponib nan chak sit pou reponn nenpòt kesyon paran ak responsab yo ta genyen konsènan Nouyòkè yo a ki nan laj pou lekòl. [Gouvènè Ball](#) deja bay 125 tikè gratis nan festival mizik ki konvwate nan mwa septanm lan nan Randall's Island kòm ankourajman vaksen pou sipòte efò #VaxtoSchool Eta a. Tikè yo disponib pou moun ki resevwa yon premye dòz vaksen COVID-19 yo nan [sit tanporè #VaxtoSchool](#). ke eta opere.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)